



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS Help Center

Enfòmasyon nan Men OATH pou Mèt Restoran

Kilè Y ap Enspekte Restoran M Nan?

Chak etablisman sèvis manje nan Vil New York (New York City, NYC) resevwa yon enspeksyon san anonse, sou plas, omwen yon fwa chak ane. Enspektè a gendwa vizite nenpòt lè restoran an ap resevwa oswa prepare manje oswa bwason, oswa pandan li ouvè pou piblik la.

Èske Mwen Ka Pa Dakò Avèk Sa Enspektè A Te Di A?

Wi. Lwa Vil New York otorize w pou w konteste nenpòt nan obsèvasyon oswa konklizyon enspektè a, nan yon odyans administratif, ki fèt nan OATH.

Kijan Yo Detèmine Nòt Alfabetik Mwen An?

Chak enfraksyon kont Kòd Sanitè NYC a, oswa kont lòt lwa, règ oswa règleman NYC yo obsève pandan yon enspeksyon pote yon sèten kantite “pwen”. Plis enfraksyon an danjre pou piblik la, plis li gen pwen. Lè enspeksyon an fini, yo adisyone pwen yo ansanm pou kalkile yon nòt enspeksyon. Nòt enspeksyon pi ba vle di pi bon nòt alfabetik ak penalite pi piti. Men entèval yo pou nòt alfabetik la: yon nòt total 0-13 pwen = yon nòt “A”; 14-27 pwen = yon nòt “B”; epi 28 pwen oswa piplis = yon nòt “C”.

Atansyon: Plis nòt enspeksyon w lan ba, se mwen souvan Depatman Sante a ap vin enspekte w. Si w resevwa mwens pase 14 pwen nan premye enspeksyon w lan pou ane a, w ap resevwa yon nòt alfabetik final “A” touswit epi y ap dispanse w de tout penalite ki genyen poutèt enspeksyon an. Si w resevwa 14 pwen oswa piplis pandan premye enspeksyon w pou ane a, y ap enspekte w ankò. Lè sa a w ap resevwa yon “kanè” ak yon “kat pou tann kanè”. Ou ka afiche nenpòt nan kat yo jiska dat odyans OATH ou a. Si w resevwa mwens pase 14 pwen pandan re-enspeksyon w lan, y ap dispanse w de tout penalite ki genyen pou enspeksyon sa a menm. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- <https://www.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/rri/restaurant-grading-faq.pdf>
- <https://www.nyc.gov/site/doh/business/food-operators/letter-grading-for-restaurants.page>

Atansyon: Pa gen nòt alfabetik ni pou distribitè manje mobil, ni pou etablisman sèvis manje tanporè, ni pou etablisman sèvis manje ki gen lekòl primè oswa segondè k ap jere yo, ni pou kantin ki gen lopital k ap jere yo, ni pou etablisman penitansye, ni pou òganizasyon charitab (sa gen ladan l soup popilè ak lòt pwogram distribisyon manje prepare), ni pou etablisman sèvis manje ki gen òganizasyon ki pa gen bi fè lajan k ap jere yo, kote yo sèvi manje bay manm yo sèlman.

Enfraksyon yo ka “kritik” oswa “jeneral”, sa depann de risk la pou lasante piblik. Enfraksyon kritik yo resevwa plis pwen. Enfraksyon yo ka gen diferan nivo “kondisyon” tou. Paregzanp, si pandan yon enspeksyon nan restoran w lan yo obsève 3 ti mouch, li ta ka yon “kondisyon” ki pi ba pase si yo obsève 20 ti mouch nan restoran w lan. Plis “kondisyon” an wo, plis w ap reseva pwen epi plis penalite w la ka wo. Si w panse “kondisyon” enspektè a dekri a pa kòrèk, ou gen dwa pou w prezante sa devan Ajan Odyans OATH la pandan odyans ou an.

Kijan Yo Kalkile Penalite Posib Mwen an Epi Ki Wotè Li Ka Rive?

Penalite posib la depann de kantite enfraksyon yo akize w, epitou de èske yo “kritik” oubyen “jeneral”, ak de “kondisyon” yo akize w la. Chak enfraksyon endividyèl yo obsève ka lakòz yon penalite. Se lalwa ki tabli penalite yo epi yo ka ale de \$200 a \$2000. Penalite yo ka pi wo si yo trete w kòm yon “residivis”.

Èske Gen Yon Moun Ki Ka Ede M Pare Pou Odyans OATH Mwen An?

Wi. Si ou pa gen yon avoka oswa yon reprezantan pwofesyonèl ki peye epi ki anrejistre, ou gendwa pale avèk yon Kowòdonatè Pwosedir Lajistis nan Sant Èd OATH la, GRATIS. Kowòdonatè Pwosedir Lajistis la ka ba ou enfòmasyon ak resous sou lalwa pou ede ou prepare pou odyans ou a. Moun sa yo ka ba ou enfòmasyon sou pwosesis odyans la, opsyon ki disponib pou ou yo, epi reponn kesyon ou genyen yo. Pou pran randevou avèk yon Kowòdonatè Pwosedir Lajistis nan Sant Èd la, tanpri kontakte Sant Èd OATH la an pèsonn nan nenpòt lokal OATH, depi nan lendi rive nan vandredi, apati de 8è nan maten pou 5è nan apre midi, pa telefòn nan (212) 436-0845, oswa pa imèl nan Smallbizhelp@oath.nyc.gov.

Bronx

260 E.161st Street, 6th FL
Bronx, NY 10451

Brooklyn

9 Bond Street, 7th FL
Brooklyn, NY 11201

Manhattan

66 John Street, 10th FL
New York, NY 10038

Queens

31-00 47th Avenue, 3rd FL
Long Island City, NY 11101

Staten Island

350 St. Marks Place, Main FL
Staten Island, NY 10301